


# Tibèkilo (TB)

Fèy Enfòmasyon



Tibèkilo (TB) se yon maladi ke yon bakteri koze, sa ki jeneralman afekte poumon yo. Men, lòt pati yo nan kò a ka afekte tou. Se pa tout moun ki enfekte avèk TB ki malad. Kidonk, gen de kondisyon ki gen rapò avèk TB: Enfeksyon TB inaktif (ki pa enfekte) ak maladi TB aktif (enfekte).



Lè yon moun ki gen yon maladi poumon TB aktif, tous nan poumon, etènne, oswa chante, jèm TB a antre nan lè a. Moun ki pataje menm espas lè a avèk moun sa ka respire nan jèm sa yo.


## Siy ak Sentòm yo




Tous



Feblès



Pèdi Pwa



Syè Lannwit



Pwatin sere




Fyè

Moun ki gen Tibèkilo nan poumon ka genyen yon tous ki dire twa oswa plizyè semèn, doule pwatin, ak/oswa touse san. Lòt sentòm yo depannde yon pati spesyal nan kò a ki te afekte.



Pale avèk pwofesyonèl swen sante w si ou panse ou genyen TB. Pwofesyonèl swen sante w ka mande yon tès po (TST) oswa yon tès san (IGRA) pou detekte enfeksyon Tibèkilo. Yon radyografi pral fèt si youn nan tès sa yo retounen pozitif. Yo trete TB aktif avèk antibyotik. Medikaman prevansyon disponib pou TB inaktif.

# Poumon/Ekstra-pilmonè



Maladi TB ka koze enfeksyon nan poumon (pilmonè), sa ki konsidere enfektye pou lòt moun. Maladi TB ka rive tou deyò poumon an (ekstra-pilmonè), sa ki pa enfektye.

---

## Kimoun ki ka pran TB?



Nenpòt moun ka atrape TB. Moun ki gen pi gwo risk yo se manm fanmi, zanmi, ak kòlèg travay yo ki pataje menm espas lè a avèk moun ki gen maladi poumon TB.

Lòt moun ki gen risk ki pi elve yo se moun kap viv oswa kap travay nan anviwonman gwoup, moun ki abize dwòg oswa alkòl, moun ki gen kondisyon tankou dyabèt, enfeksyon VIH (viris ki koze SIDA), oswa sèten kalite kansè, ak moun ki mèg. Moun ki soti nan peyi ki gen pousantaj TB ki pi elve yo egalman gen pi gwo risk.

---


## Plizyè-Medikaman ki rezistan avèk TB



- Plizyè-medikaman ki rezistan (MDR) avèk TB koze pa jèm TB te rezistan pou premye liy medikaman antibyotik.
- Lè gen rezistans, youn oswa plizyè medikaman TB pa kapab tiye jèm TB a ankò.
- Yo te jwenn yon tibèkiloz ekstra-rezistan (XDR) TB, e se lè jèm TB a rezistan vèk sèten medikaman TB premye ak dezyèm nivo.
- Sa a kapab delvope lè pasyan TB yo pa pran medikaman TB yo jan doktè yo preskri.
- XDR ak MDR TB pi difisil epi yo koute pi chè pou trete. Tretman pran plis tan tou pase medikaman ki pa rezistan avèk TB.
- Medikaman yo itilize pou trete XDR ak MDR TB kapab gen efè segondè ki menase lavi.

---

## Pou w jwenn plis enfòmasyon, Vizite:



1. [www.maine.gov/dhhs/tb](http://www.maine.gov/dhhs/tb)
2. [www.cdc.gov/tb](http://www.cdc.gov/tb)

Ou ka rele tou CDC Maine nan 1-800-821-5821.